



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

## Kòman mwen ka itilize lajan sibvansyon sa a?

Ou gen 8 opsyon pou depanse lajan sibvansyon w lan. Sèvi ak li pou fè yon varyete mizajou oswa amelyorasyon fizik ak pwogram, tankou:

- antretyen oswa ti chanjman nan espas fizik ou
- Achte pwodui netwayaj oswa ekipman pwoteksyon endividyèl
- Peye frè reta sou fakti pwofesyonèl yo
- Jwenn plis materyèl jwèt
- Fè fòmasyon pou anplwaye yo
- Jwenn resous pou sipòte sante mantal anplwaye ak timoun yo

## Èske mwen bezwen remèt lajan sibvansyon an?

- Non! Sa se yon sibvansyon, se pa yon prè, kidonk ou **PA** bezwen remèt li.

## Èske mwen dwe bay resi oswa dokiman sou fason mwen depanse lajan an?

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

## Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (ti videyo kout sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo)  
[ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/](https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/)

## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon ak mezajou yo?

- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an:  
[ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php](https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php)
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: [whedco.org](https://whedco.org)
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprezantan sendika w la